



Maimonides

Medical Center
Brooklyn, NY 11219

APLIKASYON POU ASISTANS FINANSYÈ

YON PRÈV IDANTITE, YON PRÈV REVNI AK YON PRÈV BYEN DWE VINI AK APLIKASYON SA A.
VOYE KOPI TOUT DOKIMAN YO MANDE YO. **PA VOYE DOKIMAN ORIJINAL** POUTÈT YO P AP VOYE YO TOUNEN.

SEKSYON I – Enfòmasyon Pèsonèl

1. Non Pasyan an: _____

Siyati
Prenon
2yèm Inisyal
2. Nimewo Sosyal Sekiriti: _____ -- _____ -- _____
3. Dat Aplikasyon: _____/_____/_____

Mwa
Jou
Ane
4. Dat kòmansman Sèvis: _____/_____/_____

Mwa
Jou
Ane
5. Dat yo mande pou Sèvis la: _____/_____/_____

Mwa
Jou
Ane
6. Adrès Lari Pasyan an: _____
7. Vil, Eta ak Zip Kòd: _____
8. Nimewo Telefòn: _____
9. Gwosè Fanmi a* (Konbyen Moun): _____
10. Sitwayènte Ameriken: Wi Non Aplikasyon deja voye
11. Prèv Idantite (Dokiman obligatwa: Papye sitwayènte, Paspò, Sètifika Nesans, Lisans pou Kondwi Machin oswa kat idantite Vil Nouyòk (“IDNYC”). **Maimonides mande pou pasyan an prezante youn nan dokiman sa yo pou Aplikasyon pou Asistans Finansyè.** _____
12. Prèv Rezidans: (Dokimantasyon obligatwa: Bòdwo elektrisite, dlo, telefòn, chofaj, resi resan lwaye oswa kopi kontra lokasyon an. **Maimonides mande pou pasyan an prezante youn nan dokiman sa yo pou Aplikasyon pou Asistans Finansyè.** _____

SEKSYON II – Kritè pou Byen yo

Lè y ap chèche konnen si yon moun elijib pou asistans finansyè pou swen lopital, byen yon adilt gen ladann byen madanm oswa mari li tou; byen yon timoun ki minè gen ladann byen pran li (yo) epi/oswa gadyen legal li (yo) kote pitit la rezide. **Maimonides mande pou pasyan an prezante youn nan dokiman ak enfòmasyon ki liste anba la a pou pwouve byen ou genyen pou Aplikasyon pou Asistans Finansyè.**

12. Byen endividyèl: _____
13. Byen Mari, Madanm, Paran (yo) oswa Gadyen Legal la (si genyen): _____
14. Pami Byen yo genyen:
 - A. Lajan kach (Dokimantasyon obligatwa: yon lèt pasyan an ki ateste kantite lajan kach ki disponib)

 - B. Kont Depay (Dokimantasyon obligatwa: kopi deklarasyon labank kont depay ki pi resan an/yo)

 - C. Kont Kouran (Dokimantasyon obligatwa: kopi deklarasyon labank kont kouran ki pi resan (yo))

D. Sètifika Depo yo (Dokimantasyon obligatwa: kopi deklarasyon labank ki pi resan (yo), ki endike depo yo)

E. Fon Pwòp nan Pwopriyete Imobilyè (apa rezidan prensipal la) (Dokimantasyon obligatwa: yon lèt yon kontab ki dekri valè fon pwòp nan pwopriyete imobilyè) _____

F. Lòt Byen (Bon Trezò Ameriken, tit negosyab, aksyon ak obligasyon komèsyal) (Dokimantasyon obligatwa: deklarasyon mansyèl owa anyèl ou resevwa oswa kopi deklarasyon labank ki montre menm bagay la (si enterè oswa dividann depoze dirèkteman)) _____

G. Total _____

* Moun yo dwe mete nan fanmi a se oumenm, madan oswa mari ki rete nan menm kay ak pasyan an ansanm ak kèlkeswa depandan (moun ki anba responsabilite finansyèl) madan oswa mari pasyan an. Yon fanm ansent konte pou 2 moun. Pou pasyan ki gen mwens pase 18tan (ki minè), fanmi a gen ladann timoun minè a, paran yo ki rete nan menm kay ak pasyan an epi moun depandan (ki anba responsabilite finansyèl) paran yo.

SEKSYON III –Kritè pou Revni

Lè y ap chèche konnen si aplikan an elijib pou asistans nan swen lopital, revni yon adilt gen ladann revni mari oswa madanm li; revni yon timoun minè gen ladann revni paran li (yo) epi/oswa gadyen legal li (yo) kote li rezide a.

Maimonides mande pou pasyan an prezante dokiman ak enfòmasyon ki liste anba la a kòm **prèv revni** nan kad Aplikasyon pou Asistans Finansyèl.

Revni ki baze sou kalkil kat (4) dènye semèn salè anvan dat sèvis la.

15. Sous Revni:

A. Salè / Lajan Anvan Dediksyon yo (Dokimantasyon obligatwa: aplikasyon pou pwogram asirans ki esponsorive piblikman, bout chèk dènye 4 semèn yo oswa deklarasyon labank ki montre depo salè/lèt anlwayè a pou 4 semèn ki sot pase yo, jan sa aplikab selon sa ki anba la a) _____

- Si pasyan an pa depoze yon aplikasyon pou yon pwogram asirans ki esponsorive piblikman oswa si aplikasyon sa a pa disponib, pasyan an dwe prezante bout chèk 4 semèn ki sot pase yo, yo pral itilize pou devine salè lajan pasyan an touche pou ane sivil sa a.
- Si bout chèk yo pa disponib, pasyan an dwe prezante swa: kopi deklarasyon labank (si salè a depoze dirèkteman) oswa yon lèt anlwayè a ki montre taks revni brit, taks ak revni aprè taks pou 4 dèye semèn yo.

B. Asistans Piblik (Dokimantasyon obligatwa: kopi lèt akseptasyon Depatman Sèvis Sosyal ki endike montan mansyèl li ou resevwa) _____

C. Benefis Sosyal Sekirite (Dokimantasyon obligatwa: kopi lèt ki apwouve Sosyal Sekirite oswa kopi deklarasyon kont labank (si yo depoze Sosyal Sekirite a dirèkteman)) _____

D. Chomaj ak Konpansasyon pou Travayè (Dokimantasyon obligatwa: kopi lèt ki apwouve konpansasyon an, kopi chèk oswa kopi deklarasyon kont labank ki montre virman dirèk (si yo depoze konpansasyon an dirèkteman)) _____

E. Benefispou Veteran. (Dokimantasyon obligatwa: kopi chèk ou resevwa, lèt apwobasyon Administrasyon pou Veteran (si li disponib), oswa kopi deklarasyon kont labank (si yo depoze benefis la dirèkteman)) _____

F. Pansyon Alimantè/Sipò pou Timoun. (Dokimantasyon obligatwa: kopi Sètifika Divòs ki montre montan pansyon alimantè yo apwouve, kopi chèk yo resevwa oswa kopi deklarasyon kont labank (si yo depoze sipò a dirèkteman)) _____

G. Lòt Sipò Finansyèl. (Dokimantasyon obligatwa: kopi chèk yo resevwa oswa kopi deklarasyon kont labank ki montre revni yo resevwa (si yo depoze li dirèkteman)) _____

- H. Peman Retrèt. (Dokimantasyon obligatwa: kopi chèk yo resevwa, lèt apwobasyon (si li disponib) oswa kopi deklarasyon kont labank (si peman an depoze dirèkteman)) _____
- I. Asirans oswa Peman Anwite. (Dokimantasyon obligatwa: kopi chèk yo resevwa oswa kopi deklarasyon kont labank (si yo depoze peman an dirèkteman)) _____
- J. Dividann/Enterè. (Dokimantasyon obligatwa: kopi chèk yo resevwa oswa kopi deklarasyon kont labank ki montre revni yo resevwa (si yo depoze li dirèkteman)) _____
- K. Revni Lwaye. (Dokimantasyon obligatwa: yon lèt yon kontab ki deklare montan revni lwaye pou ane a) _____
- L. Revni Komèsyal Apre Taks (travayè endepandan/yon sous endepandan verifye) (Dokimantasyon obligatwa: lèt yon kontab siyen ki endike montan brit, taks ak mont apre taks yo touche chak semèn, chak 2 semèn oswa chak mwa, selon sa ki koresponn ak sityasyon an.) _____
- M. Lòt (benefis pou grèv, kòb pou fòmasyon, alokasyon pou fanmi militè, revni pou patrimwan ak twòs) (Dokimantasyon obligatwa: kopi chèk yo resevwa oswa lèt yon kontab ki dokimante lòt revni yo resevwa) _____

N. Total _____

SEKSYON IV – Konfimasyon Aplikan an

Mwen konprann etablisman swen sante ki apwopriye pral verifye enfòmasyon mwen bay yo. Si mwen fè fo-deklarasyon, m ap responsab pou tout chaj lopital yo.

Si etablisman swen sante yo mande l, mwen pral aplike pou asistans medikal leta oswa prive pou peye bòdwo lopital lan.

Mwen sètifye enfòmasyon ki anlè yo konsènan kantite moun ki nan fanmi mwen, revni ak byen mwen yo vre ak kòrèk.

Mwen konprann se responsab mwen pou konseye lopital la sizoka ta gen kèlkeswa chanjman nan revni oswa byen mwen yo.

16. Siyati Pasyan oswa Reprezantan Legal: _____

17. Dat: _____ / _____ / _____
MWA JOU ANE

Depi u fin prezante yon aplikasyon ki byen ranpli, ikonpri kèlkeswa enfòmasyon oswa dokimantasyon ki nesèsè pou deside si w elijib, tanpri pa okipe okenn bòdwo ankò jiskaske Maimonides te pran yon desizyon si li pral apwouve oswa refize aplikasyon an.

Rev. 11/15